**दिन–सोम** **दिनांक–03.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानसभा चुनावक पहिल चरणक लेल प्रचारक जोर–शोर काल्हि सांझ धरि थमि जायत। एनडीए आ महागठबंधनक स्टार प्रचारक आ वरिष्ठ नेता लोकनि चुनाव प्रचार मे पूरा ताकत लगा देलनि अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सहरसा आ कटिहार मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री मोदी कहलनि जे एनडीएक अर्थ विकास अछि जखनकि कांग्रेस आ राजद के मतलब विनाश अछि। श्री मोदी कहलनि जे केन्द्र सरकार कोसी क्षेत्र के बाढ़ि सँ बचेबाक लेल एगारह हजार करोड़ टाकाक योजना बनौलक अछि। कोसी आ मेची नदी जोड़ परियोजना सँ इलाका मे समृद्धिक नव कथा–पिहानी लिखल जायत। महिला क्रिकेट विश्व कप मे भारतीय टीमक जीतक चर्चा करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे आइ देशक बेटी सभ क्षेत्र मे नव इतिहास लिखि रहलीह अछि। ओ पूर्ववर्ती सरकार सभ पर महिला सम्मानक उपेक्षाक आरोप लगौलनि। श्री मोदी कहलनि जे एनडीए सरकार महिला सशक्तिकरणक लेल कतेको काज कयलक अछि आ एहि सँ देशक बेटी सभ के नव ऊंचाई भेटल अछि।

---

एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह शिवहर जिलाक बेलसंड, सीतामढ़ीक रीगा आ मधुबनी जिलाक खुटौना–झंझारपुर विधानसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री शाह कहलनि जे महागठबंधनक कोनो नीति नहि अछि आ हिनका ई सेहो नहि बुझल अछि जे के, कोन सीट सँ चुनाव लड़ि रहल छथि।

---

जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार भागलपुरक गोराडीह आ बांकाक रजौन सहित कतेको विधानसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओ कहलनि जे सत्ता मे अयबा के बाद सँ ओ राज्यक विकास लेल लगातार काज कयलनि अछि। श्री कुमार कहलनि जे वर्ष दू हजार पाँच सँ पहिने राजदक शासनकाल मे बिहार मे अराजकताक बोलबाला छल। जदयूक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री ललन सिंह आइ मोकामा विधानसभा क्षेत्र मे जदयू प्रत्याशी अनंत सिंह के समर्थन मे चुनाव प्रचार कयलनि। ओ साजिश के अंतर्गत अनंत सिंह के दुलारचंद यादव हत्याकांड मे फँसेबाक आरोप लगौलनि।

————————————————————————

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान गयाजीक फतेहपुर मे पार्टीक प्रत्याशीक समर्थन मे जनसभा के सम्बोधित करैत कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के कुशल नेतृत्व मे पछिला एगारह वर्ष मे पच्चीस करोड़ सँ बेसी लोक गरीबी सँ बाहर निकललाह अछि।

————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री नितिन गडकरी सीवान जिलाक जीरादेई, सारण के मांझी आ भोजपुरक तरारी विधानसभा क्षेत्र मे एनडीए उम्मीदवार सभक समर्थन मे जनसभा के सम्बोधित कयलनि। श्री गडकरी कहलनि जे एनडीए युवा सभ के रोजगार देबा आ बिहारक विकासक लेल प्रतिबद्ध अछि। एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ केवटी, मुजफ्फरपुर आ गरखा विधानसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री आदित्यनाथ कहलनि जे जखन राजद आ कांग्रेसक सरकार बिहार मे आयल तखन राज्य मे अपराधी सभक बोलबाला रहल अछि।

————————————————————————

राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद आइ दानापुर विधानसभा क्षेत्र सँ पार्टी प्रत्याशी रीतलाल यादवक समर्थन मे रोड शो कयलनि। रीतलाल यादव एखन जेल मे बंद छथि। लालू प्रसाद आइ पहिल बेर चुनाव प्रचार अभियान मे सम्मिलित भेलाह। एम्हर, पार्टीक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव बक्सर, ब्रह्मपुर आ भोजपुरक संदेश सहित कतेको आन विधानसभा क्षेत्र मे

चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओ कहलनि जे जँ महागठबंधनक सरकार बनैत अछि तऽ पलायन पर रोक लगायब सरकारक प्राथमिकता होयत।

———————————————————————————

कांग्रेसक राष्ट्रीय महासचिव आ सांसद प्रियंका गांधी आइ सहरसाक सोनवर्षा मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्रीमती गांधी कहलनि जे बिहार सरकार के मुख्यमंत्री नीतीश कुमार नहि चला रहल छथि अपितु ई सरकार दिल्ली सँ चलि रहल अछि। श्रीमती गांधी समस्तीपुरक रोसड़ा मे महागठबंधन उम्मीदवारक समर्थन मे रोड–शो सेहो कयलनि।

———————————————————————————

पटना मे चेतना समितिक तत्वावधान मे दू दिवसीय विद्यापति स्मृति पर्व समारोहक आयोजन कयल जा रहल अछि। काल्हि भेल आयोजित कार्यक्रम मे कुमार शैलेन्द्र लिखित आ किशोर केशव द्वारा निर्देशित नाटक देसिल बयनाक सफल मंचन भेल। आजुक कार्यक्रम मे रंगारंग सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।